



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 19 jiyè 2012

GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA DIJANS POU KONTE ST. LAWRENCE APRE LORAJ VYOLAN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deklare yon eta dijans pou Konte St. Lawrence pou te ka pèmèt Eta New York pi byen kowòdone epi reponn ak otorite lokal yo pou tout domaj loraj vyolan yo te koze nan konte a ak nan zonn anviwonan yo nan debi semenn lan.

Madi, loraj vyolan ak van ki depase 60 mil alè, soufle nan yon pous de dyamèt, ak gwo gwo lapli frape Konte St. Lawrence ak zonn anviwonan yo. Tanpèt yo koze pann kouran tout kote, domaj nan kay, apatman, biznis, pwopriyete piblik ak prive, epi andomaje ak jete atè milye pye bwa.

“Avèk gwo domaj sa yo nan Konte St. Lawrence ak zonn anviwonan yo ki se konsekans gwo loraj yo, deklarasyon eta dijans lan pral ede nou deplwaye resous esansyèl nan zonn afekte yo epi jwenn èd pou sa ki nan bezwen yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Eta New York pral kontinye deplwaye tout kalte resous ki nesèsè epi fè tousa ki nesèsè pou pwoteje Nouyokè nan North Country epi asire yon retablisman efektiv epi atan.”

Yon eta-dijans ap pèmèt New York mobilize resous eta a pou ede gouvènman lokal yo avèk plis efikasite ak rapidite, epitou sa ap bay Gouvènè a otorite pou sispann lwa yo, règ ak règleman ki ta antrave aktivite repons ak redrèsman yo. Deklarasyon an bay Gouvènè a plis kapasite pou l dirije resous leta yo bay otorite kokal ki nan bezwen. Deklarasyon an aplike pou Konte St. Lawrence ak zonn anviwonan yo.

Senatè Joseph A. Griffo te di, “Nou apresye atansyon, sansiblite, ak reyaktivite Gouvènè Cuomo anvè moun Potsdam ak Konte St. Lawrence. Apre m te vizite ak wè domaj yo pèsònèlman, map felisite Ajans Leta yo pou aksyon rapid ak efikas yo, patikilyèman lidèship ak kowodinasyon State Emergency Management Office lan pou sipo li bay premye entevenan ekstraodine North Country yo.”

Reprezantan Addie Russell te deklare, “Map felisite Konte St. Lawrence ak otorite gesyon sityasyon ijans New York State pou repons rapid yo te pote fas ak tanpèt devastatè madi a. Map remèsye tou Gouvènè Cuomo pou deklarasyon dijans li te fè a, sa ki te rann resous leta yo disponib pou retablisman. IMwen espere rezidan yo pral kapab repara kay ak biznis yo rapidman grasa èd sa a.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov

Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418